**C.A.R.E.I. – Centro Aragonés de Recursos para la Educación Intercultural**
Documento facilitado por Grupo de Trabajo de CPR Huesca y traducido por GLS Servicios Lingüísticos

# At mu jëkk ci PRIMEER

MATEMATIK

Lan mooy «lim ». Kalkiilu xel

Kiy natt dëy jëkk liir poroblem bi te bind toontu bi. Eleew bi dafa wara toontu ci xelam, te mën woññi ak i baaraamam. Su loolu amee, warna ñu ko note. Su ko laajee, eleew bi mën na liiraat poroblem bi wolla ñu may ko mu jéemaat.

Tooppalante. Lu jiitu ak lu toopp. Yookk ak wàññi. Melo seometri

Na ñoo defe eksersiis yi ñu joxe.

Nattukaay yi ak bennalukaay yi. Féeté ci jaww ji.

Toontu wax la ñuy séentu ci eleew bi.

Poroblem ak ni ñu koy indee. Xeltu matematik

(Kiy natt : na eleew bi liir poroblem bi te ñu may ko diir ngir mu xalaat na muy toontoo poroblem bi. Su ko laaje, mën na ñaan ñu leeralal ko laak bi)

(Eksersisu eleew bi ci ñetti kayit la koy def).

Eleew :
Bis:

MATEMATIK

**Lan mooy «lim».**

- Woññil benn ba 20

- Wax ma ñaata tóortóor moo fi nekk :

- Suñu ci dindee ñeenti tóortóor, ñaata moo ciy des? (mën nga leen nëbb)

**Kalkiilu xel** (toontu bind)

- Juan amna juróomi otolalaa, mu jënd yeneen ñeent. Ñaata otokalaa la am léegi?

- Fukki picc ñi ngi tag ci garab. Dara tiital leen, ñeent naaw. Ñaata picc ñoo des ci garab gi ?

**Tooppalante**

- Tooppalanteel lim yii, li dale bi ci gënëe ndaw ba bi ci ëpp :

12 - 7 - 2 - 28 - 16 - 11 - 54

**Nattukaay yi ak bennalukaay yi**. (toontu wax)

- Lan la ñuy natte piis?

- Lan la ñuy peesee ay meñent?

Eleew :
Bis:

**Lu jiitu ak lu toop**

| | | |
|---|---|---|
| 4 | **5** | 6 |
| | **10** | |
| | **21** | |
| | **39** | |
| | **50** | |

**Yookk**

```
                                      8
4            9            + 5                 43
+ 3         + 7                4       + 26
-------     --------     --------      ----------
```

**Wàññi**

```
9            10            97             17
-5           -4           -52             -7
-------     ----------    ---------     -----------
```

**Féeté ci jaww ji.** (toontu wax)
- Lan moo nekk sa kanam?
- Lan moo nekk ci sa ndey joor?
- Ban siis moo la gënë jege?
- Lan moo nekk ci sa cammooñ?

## Melo seometri

Wóraleel mbege bi ak lu xonq, ñett-koñ bi ak lu fur, kaare bi ak lu bulo.



Eleew :
Bis:

## Poroblems ak ni ñu koy indee. Xeltu matematik

1- 18 ellew ñi ngi ci kalaas bi, 8 dem. Ñaata eleew ñoo des ci kalaas bi?

2- 5 jaŋq ak 5 xale yu góor la ñu inwite ci benn feet. 3 jaŋq ak 2 xale yu góor jóge fa. Ñaata ñoo fa des?

3- María 10 at la am rakkam Juan 8 at. Ñaata at la Maria mage Juan ?

4- Bal bi 8 euro lay jar, ma joxe 10 euro. Ñaata la ñu may delloo?

5- 5 pom ñoo nekk ci garabu pom gi, 4 ci ñaareelu garab gi ak 3 ci ñetteelu garab gi. Pom yëpp ñaata la? 6 pom rot. Ñaata pom ñoo des ci garab yi?

# 2eelu atu PRIMEER

MATEMATIK

Lan mooy «lim». Yookks et wàññis.

Def eksersiiss yi ñu joxe.

Kalkiilu xel.

Kiy natt day liir laaj bi yoon yu bare su ko laajee. Waxal gaawaayu toontu yi ngir teg-laaj bu nekk (gaaw/yéex), eksersiis yi eleew bi soxla jéemaat, suy woññi ak ay baaraamam. Eleew bi day wax toontu yi te du mën jariñoo kereyoo wolla kayit.

Nattukaay yi ak bennalukaay yi. Féeté ci jaww ji.

Toontu wax

Teg-laaj. Xeltu matematik.

Mën na ñu esplike su ko laajee. Ci eksersiis 3, eleew bi mën na jariñoo ay deseŋ.

Melo seometri

Def eksersiis yi ñu joxe

(Eleew bi ci ñeenti kayit lay def eksersiis yi)

Eleew :
Bis:

MATEMATIK

**Lan mooy «lim».**

1) Liiral lim yii :

3- 10 -32 - 54 - 96 - 101 - 108 - 801 - 980 - 999

2) Tooppalanteel lim yii, li dale bi ci gënëe ndaw ba bi ci ëpp :

85 - 138 - 42 329 - 101 - 220 - 103

3) Lu jiitu ak lu toop

| 14 | 15 | 16 |
|---|---|---|
| | 100 | |
| | 121 | |
| | 399 | |
| | 450 | |

4) Bindal lim yii ci araf :

345 ...................................................................................................................

623 ...................................................................................................................

5) Ñaata, fukkal ak téeméeral ñoo am ci lim yi?

14 = fukkal ak bennal
236 = téeméeral, fukkal ak bennal

6) Waññil 20 ba 0 (toontu wax)

7) Waññil 0 ba 21 ñett-ñett (toontu bind)

Eleew :
Bis :

**Yookk**

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| 3 5 2 | 4 8 3 | 3 4 2 | 3 2 0 | 3+4 = |
| + 4 6 5 | + 2 7 2 | 1 3 4 | 2 1 1 | 13+6 = |
| ---------- | ---------- | + 2 4 | + 1 2 5 | 8+5 = |
| | | ----------- | ----------- | |

Mëtalal yookk bii :

```
      3 4 6 5
+
_____________
      6 6 8 9
```

**Wàññi**

| | | | |
|---|---|---|---|
| 6 4 2 | 5 3 4 | 8 1 5 | 9 -5 = |
| -2 2 1 | -4 4 2 | -3 6 | 12 -7 = |
| ------------ | ----------- | ------------- | 20 – 8 = |

**Kalkiilu xel** (sans crayon ni papier)

- Soo boolee ñetti xaj ñaata tàŋk la ñu am?
- Amnaa 24 ganaar, 12 dee. Ñaata moo ci des?
- Amnaa 9 at, sama mag amna 15 at. Ñaata at la ma mage?
- Juróomi nit ñoo nekk ci benn kaar. Are bu njëkk bi ñett wàcc, kenn yég. Ñaata nit ñoo nekk ci kaar bi?

**Nattukaay yi ak bennalukaay yi**. (Toontu wax)

- Lan la ñoo natte guddaayu piis?
- Lan la ñoo peesee meñent ngir jënd ko?
- Nan la ñoo natte li nekk ci buteelu ndox?

Eleew :
Bis :

**Teg-laaj. Xeltu matematik**

1 – 65 pom ñoo nekk ci genn garabu pom, 115 ci ñaareel gi ak 208 ci ñetteel gi. Pom yëpp ñaata la ?

Ñaata pom ñoo des ci garab yi su 106 pom rotee?

2 – Am nga ñetti beñe. Ma my la ñaar, nga lekk benn. Ñaata beñe moo la dese?

3 – 10 jaŋq ak 9 xale yu góor la ñu inwite ci benn feet. 3 jaŋq ak 4 xale yu góor jóge fa. Ñaata ñoo fa des? Mën nga jëfëndikoo ak ay deseŋ.

4 – María amna 35 at, rakkam Juan 12. Ñaata at la María mage Juan?

Eleew :
Bis :

5 – Ordinatëer bu beesul mingii jar 780 euro. Ordinatëer bu bees li muy jar ëppena 120 euro li bu beesul di jar. Ñaata la ordinatëer bu bees bi di jar?

**Féeté ci jaww ji**. (Toontu wax).

- Lan moo nekk sa kanam?
- Lan moo nekk ci sa ndey joor?
- Ban siis moo la gënë jege?
- Lan moo nekk ci sa cammooñ?
- Limal yëf yi nekk ci biti kalaas bi te sorela

**Melo seometri**

Kullëeral mbege yi ak lu xonq, ñett-koñ yi ak lu fur, kaare yi ak lu bulo.

# 3eelu atu PRIMEER

MATEMATIK

Lan mooy «lim». Yookk ak wàññi. Fulëndi. Séddëlé ak teg-laaj aritmetik

Na ñoo defe eksersiis yi ñu joxe.

Kalkiilu xel.

Kiy natt day liir laaj bi yoon yu bare su ko laajee. Waxal gaawaayu toontu yi ngir teg-laaj bu nekk (gaaw/yéex), eksersiis yi eleew bi soxla jéemaat, suy woññi ak ay baaraamam. Eleew bi day wax toontu yi.

Teg-laaj. Xeltu matematik.

Na ñoo defe poroblem yi ñu joxe.

Nattukaay yi ak bennalukaay yi

Toontu wax

Melo seometri et féeté ci jaww ji

Na ñoo defe eksersiis yi ñu joxe

(Eleew bi ci ñeenti kayit lay def eksersiis yi)

Eleew :
Bis :

MATEMATIK

**Lan mooy «lim»**

. Mottalil xeltu yu tooppante yii :

100, 105, 110, ..........., .......... , .......... , .......... , ......... ,

997, 998 , 999 , ........., .......... , ......... , .......... , ......... ,

1.440, 1.445, 1.450, .........., .......... , ............ , ........ ,

150, 140 , 130 , ........., .......... , ......... , ............ , ........ ,

25, 50 , 75 , ..........., ........... , ......... , ........ , ......... ,

. Bindal lim yii :

Ñeenti téeméer ak juróom-fukk ak juróom ñeent ...................................................

Junni ak ñaari téeméer :.........................................................................................

Juróom-benni junni ak ñeenti téeméer ak ñaar :......................................................

Fukki junni ak ñetti téeméer :.........................................................................................

. Liiral lim yii :

1.1185 2.012 70.000 9.002

. Tooppalanteel lim yii, dale bi ci ëpp ba bi ci gënëe ndaw :

1.635 - 846 - 903 - 401 - 7.455

Eleew:
Bis :

- **Lu jiitu ak lu toop :**

| | | |
|---|---|---|
| 149 | 150 | 151 |
| | 1.000 | |
| | 1.214 | |
| | 2.399 | |
| | 6.450 | |

**Kalkiilu xel.** (Toontu wax)

- Ñaari 8 ñaata la? Genn-wàllu 8 ñaata la?
- Ñaari ñaar mooy ... Ñeeti ñaar mooy ...
- L Genn-wàllu ñaarfuukk ak ñaar mooy...
- Juróom ñetti nit ñoo nekk ci benn kaar. Are bu njëkk bi juróom-benn wàcc, ñett yég. Ñaata nit ñoo nekk ci kaar bi?
- Amnañ 15 ganaar, till lekk ci 8. Ñaata ganaar ñoo des?
- Ñaata nen ñoo nekk ci duusen ak genn-wàll?
- Ñaata mooy 60 + 40 ?
- Ñaata mooy 100 – 25 ?
- Ñaata mooy 1001 + 99 ?

**Yookk ak wàññi**

Mëtalal lim yi maŋke ci yookk ak wàññi yii :

```
    2 __   —          3    4    6    5          8    6    9
       5    4
+ __              + __    —    — —     -   — — —
                          —
                          ---  -------      -------------
------------------  --------    -  -                    -
   1. 1 7    9           6    2    7    9          7    5    3
```

**Fulëndi.**

Defal fulëndi yii :

179 x 6 = 4234 x 9 = 33 x 45 =

Eleew:
Bis :

**Séddëlé et teg-laaj arithmétiques**

Bindal te def séddëlé yii :

6 : 2 =  10 : 5 =  24 : 3 =  312 : 3 =

**Teg-laaj. Xeltu matematik.**

1 – Yaayu Andrés 62 kilo lay peese. Pappay Andrès 70 kilo lay peese. Ñaata la papa ji ëppe yaay ji?

2- 800 nit ñoo nekk ci gaal. Bi ñu eggee ci poor ba, 279 wàcc, 389 yéeg. Ñaata ५o des ci gaal gi?

3- Pedro amna ñetti boyatu sokolaa, bu nekk def 25 sokolaa. Luis amna ñeenti boyatu sokolaa, bu nekk def 20 sokolaa. Ñaata la sokolaa yëpp?

Ñu séddoo sokocolaa yi ak juróomi xaleel. Ñaata la xale bu nekk di am?

4- Su po wu Game Boy dee jar 24 euro, ñaata la fuukk ak ñaar di jar?

5- Juan bis bu nekk mu jënd 20 otokolaa, Pedro 20 ak Javier 10. Ñaata otokolaa la ñuy jënd ci 4 fan?

**Nattukaay yi ak bennalukaay yi**. (Toontu wax)

- Nan la ñuy natte guddaay ak yaatuwaayu kayit gii?
- Ban bennal la ñuy natte sorewaay digënte Huesca ak Monzón ?
- Ñaata woxtu ngay def ngir dem ekool?
- Ban bennal la ñu mënëe natte meew mi ñuy naan ci kërgi?
- Ñaata fan moo am ci benn at ?

**Melo seometri ak féeté ci jaww ji**

Deseŋal : ñett-koñ, mbege, kaare, rektangal, sileendar.

# 4eelu atu PRIMEER

MATEMATIK

Lan mooy «lim»s. Fulëndi. Séddëlé

Na ñoo defe eksersiis yi ñu joxe.

Kalkiilu xel. Nattukaay yi ak bennalukaay yi

Toontu wax

Teg-laaj. Xeltu matematik. Melo seometri

Na ñoo defe eksersiis yi ñu joxe.
(Eleew bi ci juróomi kayit lay def eksersiis yi)

Eleew:
Bis :

MATEMATIK

Lan mooy «lim»

. Liiral lim yii :

8.060 – 4.002 – 1.627 – 1.420 – 24.835 – 99.743

. Bindal lim yii :

Jnni ak ñaari téeméer ak fukk ak ñaar ......................................................................

Juróom ñaari junni ak juróom ñett :........................................................................

Juróom fukki junni ak ñaari téeméer ak ñett : ..............................................

. Tooppalanteel lim yii, dale bi ci ëpp ba bi ci gënëe ndaw :

1.032 - 909 - 24.185 - 8.560 - 94.677 - 3.750

. Mëtalal mbooloo yii :

30 – 28 –26 –24 - .........................................................................................

1.000 – 900 – 800 - .........................................................................................

25-50-75- ...................................................................................................

11 – 22 – 33 - ..........................................................................................

Eleew:
Bis :

- Bindal le lim lu jiitu et lu toop

| | | |
|---|---|---|
| | | |
| | | |
| | | |
| | | |

- <u>Fulëndi</u>

Bindal te toontu teg-laaj yii :

603 x 78 = 987 x 62 = 9 x 10.000 =

- <u>Séddëlé</u>

Bindal te toontu teg-laaj yii :

73 : 3 = 94 : 5 = 877 : 26 =

- Mëtalal lim bi maŋke : 30 : ________ = 5

Eleew:
Bis :

**Kalkiilu xel.** (Toontu wax)

. Kalkiilel ci sa xel teg-laaj te nga jox ma toontu bi :

9 x 100 = 25 x 10 = 28 – 15 =

1001 + 99 = 1050 + 3500 =

. Amnaa oraas ak genn-wàll. Ñaata genn-wàllu oraas laa am?
. 20 nit ñoo nekk ci benn kaar. Are bu njëkk bi 9 wàcc, 3 yég. Ñaata nit ñoo nekk ci kaar bi?
. 8 nit wàcc ci kaar bi, mu des 7. Ñaata nit ñoo nekkoon ci kaar bi?

**Teg-laaj. Xeltu matematik**

1 – Ñu séddële 60 tàngal digënte 15 xale. Ñaata àngal la ku nekk di am?

2 – Pedro amna ñetti boyatu sokolaa, bu nekk def 75 sokolaa. Luis amna fukk ak juróomi boyatu sokolaa, bu nekk def 20 sokolaa. Ñaata la sokolaa yëpp?

Ñu séddoo sokocolaa yi ak 20 xaleel ci kalaas bi. Ñaata la xale bu nekk di am?

Eleew:
Bis :

3- Bëggnaa jënd ñetti porograamu ordinatëer yu 135 euro bu nekk, amna 1.000 euro. Ndax xaalis bi dana doy?

4 – Sinema bi amna 525 toogu. Bi film bu njëkk bi doore amoon na 498 nit. Bi mu jeexee, 101 nit génn, 110 dugg. Ndax toogu yi dana doy ngir nit ñëpp?

5 – Benn góor jaayna 580 euro ngir jënd masin fóotukaay, 349 euro ngir jënd DVD ak 980 ngir jënd ordinatëer. Bi mu ñibbee këram mu dese 1.250 euro. Ñaata la yorewoom bi moo génn kërgi?

**<u>Nattukaay yi ak bennalukaay yi</u>.** (Toontu wax)

- Nan la ñuy natte guddaay ak yaatuwaayu kayit gii?
- Ban bennal la ñuy natte sorewaay digënte Huesca ak Monzón ?
- Ñaata woxtu ngay def ngir dem ekool?
- Ban bennal la ñu mënëe natte meew mi ñuy naan ci kërgi?
- Ñaata fan moo am ci benn at
- Ñaata woxtu moo am ci 120 minit?
- Ñaata meetar moo am ci benn kilomeetar?
- Ñaata santimeetar moo am ci benn meetar?
- Ñaata garaam moo am ci benn kilo ?

Eleew:
Bis :

**Melo seometri**

Deseŋal ñett-koñ, kaare, mbege, losaas, juróomi-koñ, sileendar ak piramid

# 5eelu atu PRIMEER

## MATEMATIK

Woññi :

Teg-laaj :

- ak ay lims
- ak ay lim fukkal
- ak ay cér
- kalkiilu xel

Teg-laaj. Xeltu matematik

Nattukaay yi ak bennalukaay yi

Melo seometri

Eleew:
Bis :

MATEMATIK

Bindal lim yi ci ay lim :
a) ñaari téeméer ak fukk-ak-juróom-ñetti junni ak juróom-benni téeméer ak juróom fukk ak benn................................................... ......................................
b) juróomi junni ak ñetti téeméer ak juróom-benn fukk ak juróom-ñeent .......................................................

Yan lim ñoo méngoo'k limu romee yii?

a) M = .............................. V= ........................
X= ............................................
b) L= ................................ C= ........................
D= ...........................................

**Teg-laaj :**

Lim :

4856 x 345 =

6954 x 867 =

56,8 – 19,475=

2,35 x 10 =

8,9 x 100 =

1345 : 10 =

25 : 100 =

**Cér :**

Kalkiile :

$\frac{8}{5}$ bu 65=  $\frac{7}{10}$ bu 160 =  $\frac{8}{5}$ bu 65 =

Bindal = , > ak < yi mu àndal :

$\frac{5}{7}$  1  $\frac{6}{4}$  1  $\frac{5}{5}$  1

**<u>Kalkiilu xel</u>** (toontu wax) :

Kalkiileel:

a) Genn-wàllu 14
b) Ñetteelu 21
c) 15 x 100
d) 20 nit ñoo nekk ci benn kaar. Are bu njëkk bi 9 wàcc, 3 yég. Ñaata nit ñoo nekk ci kaar bi?
e) 8 nit wàcc ci kaar bi, mu des 7. Ñaata nit ñoo nekkoon ci kaar bi?

<u>Teg-laaj</u>

1– Benn jaaykat jënd piisu 23 metar ci 195 euro. Mu jaaye meetar bu nekk 18 euro. Ñaata la am ci meetar bu nekk?

2 – Adrián jëndna ordinatëer 948 euro. Mu njëkk dugal genn-wàll gi, li ci des mu kay fay ci fukki weer ak ñaar. Ñaata la fay weer wu nekk?

3 – 200 garab ñi ngi ci benn tool (ay garabu « peupliers » ak ay garabu « pins »). 35% ci garab yi ay « pins » la ñu. Ñaata « peupliers » moo ci am ?

4- Benn jaaykat jaay 5 xeetu yëf yu wute am lii :

| Li ñuy jënd | Njëg ci bu<br>Benn bu nekk | Limu yi ñuy jaay ci bis bi |
|---|---|---|
| Téere | 13 | 25 |
| Kaye | 3 | 50 |
| Léeb | 8 | 20 |
| Agenda | 6 | 30 |
| Magasiin | 5 | 35 |

- Ñu wonee ko nii ci rëdd bi :

[Rëdd]

Toontul :

Ñaata la am ci yiy jar 13 euro?

Ñaata la am ci bis bi?

**Nattukaay yi ak bennalukaay yi :**

Ñaata kilo suukër moo nekk ci 3000, 8 0 garaam?

Ñaata liitar ci 2 ektoliitar ak 6 dekaliitar ?

Pepe gén na këram ñetti woxtu ak fukki minit, egg fa mu jëm fukki woxtoo’k benna k fanweeri minit ak juróom. Ñaata woxtu la def ci yoon wi?

**Melo seometri :**

Deseŋal : Ñaari rëdd-jub yu dogantewul

Ñaari rëdd-jub yu dogante bu jub

Benn ñett-koñ jub

Benn ñett-koñ yem-wet

Benn ñett-koñ ñaari-wet-yem

# 6eelu atu PRIMEER

## MATEMATIK

Woññi :

Teg-laaj :

- akk ay lim
- kalkiilu xel
- Teg-laaj. Xeltu matematik.

Nattukaay yi ak bennalukaay yi

Melo seometri

Eleew:
Bis :

MATEMATIK

**Teg-laaj :**

**Lim :**

a) 78,456 x 1045 =

b) 97825 : 76 =

c) $9^2$ =

d) $8^3$ =

e) reen-kaare bu 25 =

f) reen kaare bu 36 =

g) 28 – (19+5) =

h) 45 – (28-9) + 13 =

i) 3/5 : 7/8 =

**Kalkiilu xel :** (toontu bind)

Kalkiile :

a) 50 % bu 240
b) genn-wàllu 14
c) 15 x 100

d) 2/3 yu 21

e) 48 nit nekk ci benn kaar. Ci are bu njëkk bi , genn-wàllu nit ñ wàcc, 17 yég. Ñaata nit ñoo nekk ci kaar bi?
f) Juan ak Ana def na ñu liggéeyu 36 xët. Ana defna ñetti yoon li Juan def. Ñaata xët la ku nekk def?

**Teg-laaj. Xeltu matematik**

1- Alicia tey mingi sol t-shirt ak tubëy : t-shirt bi mën na xonq, wert, bulo wolla fur, te mën na sol tubëy wolla kilot. Ñaata xeetu solo la Alicia mëna solu?

2 Benn mbulañse 20 kg fariñ lay defare 160 miisu mburu. Ñaata kilo fariñ lay soxla ngir lakk 240 miis?

3 Ci benn kerees, amna 20 xale yu am 3 at, 22 yu am 4 at ak 15 yu am 5 at. Ñaata at la xale yëpp am.

4 Lan mooy yaatuwaayu park bu am guddayu 30 m te bennen wet wi di ñeenteelu guddaay bi (1/4 eelu 30).

5 Genn góor jênd tele buy jar 380 euro,  mañetoskop buy jar 200 euro ak seen HIFI buy jar 187 euro. Bi mu fayee ba noppi, mu dese ko 25 euro. Ñaata euro la yoroon laata muy jênd loolu yëpp?

**Nattukaay yi ak bennalukaay yi :**
a) Ñaata kilo sukër moo nekk ci 3000, 8 0 garaam?

b) Pepe jélna teree 3 woxtu ak 10 minit, eg fa mu jëm 11 woxtu ak 35 minit. Ñaata woxtu la def ci yoon wi?

c) Ñaata liitar moo am ci 2 ektoliitar ak 6 dekaliitar?

**Melo seometri :**

Tegal poñ yi ci rëdd bii : A (+2,-4); B (+9, -7); C (+4,-5)



Deseŋal mbege, wone rayoo bi ak jametar bi ak buum bi :

Rëddal koñu 180º, beneen bu 45º ak beneen bu 35º, ak raportëer bi.